


Konprann konprime yo ou pran dyabèt ou a

Ou ka bezwen pran konprime yo pou ede ou kontwole dyabèt ou epi kenbe nivo sik nan san ou nan yon nivo ki an sante.


Konprime sa yo fonksyone nan plizyè fason, tankou:¹

- Bese kantite sik (glikoz) fwa ou pwodui
- Ogmante kantite sik ou pase nan pipi ou
- Ede kò ou pwodui plis ensilin (yon òmòn natirèl nan kò a ki nesesè pou ede kò ou itilize sik nan san ou)
- Ede kò ou reponn pi byen ak ensilin li pwodui deja
- Ralanti dijesyon sik yo nan entesten ou


Ou ka bezwen pran yon sèl kalite konprime, oswa yon kombinezon diferan konprime pou ede kontwole sik nan san ou. Gen kèk kalite medikaman ki travay nan:



Ede pankreya a pwodui plis ensilin



Anpeche fwa a pwodui glikoz



Fè selil nan misk yo vini pi rezistan ak ensilin

Manje an sante ak egzèsis fizik enpòtan pou kontwole sik nan san ou, tou.


Pale ak doktè ou sou nenpòt lòt medikaman w ap pran, menm sa yo ou achte san preskripsyon nan famasi, tankou vitamin ak sipleman abaz plant.



ILi enpòtan pou ou konnen non tout medikaman ou yo, ansam ak kantite kòrèk ou dwe pran ak lè pou pran yo (oswa fè yon moun nan biwo doktè ou a ede ekri li pou ou) epi pote enfòmasyon sa a avèk ou toutan.

Li enpòtan tou pou tcheke nivo sik nan san ou pou konnen si medikaman pou dyabèt ou yo ap ede.

Doktè ou a ka fè ou tcheke sik nan san ou ak yon lektè glisemi nan diferan lè nan jounen an pou wè si medikaman ou yo ap travay byen. Ekri rezulta tès sik nan san ou yo nan yon kaye, epi asire ou pote rejis rezulta tès sik nan san ou yo ak lektè glisemi ou an nan randevou medikal ou yo.



Si ou gen enkyetid ke nimewo yo twò wo oswa twò ba, kontakte founisè swen sante ou. Pafwa chanjman nan manje oswa medikaman ka nesesè. Manje yon rejim alimantè ki an sante ak fè egzèsis fizik regilye ap ede kontwole nivo sik nan san ou.

1. American Diabetes Association. What Are My Options? <http://www.diabetes.org/living-with-diabetes/treatment-and-care/medication/oral-medications/what-are-my-options.html>. Te mete ajou nan dat 10 oktòb 2018. Aksede nan dat 4 fevriye 2019.